

BUDAYA & TATAKRAMA SUNDA PATALINA JEUNG PANGAJARAN BASA

ku: Dede Kosasih

Purwacarita

Dina konsepsi budaya Sunda, ogé seler bangsa séjénna ngeunaan tatakrama téh mibanda ciri-ciri anu khas tur mandiri. Sok sanajan ari palebah kasopanan mah sarua, yén sing saha baé moal aya jalma atawa sélér bangsa anu hayang disebut minculak "teu sopan", *iwal* ti lamun dina kaayaan keur ngambek. Éta hal téh dina enas-enasna mah mangrupa implementasi tina *ciri sabumi cara sadesa*, nu dina *wawangsalan* mah unggelna téh *jawadah tutung biritna sacarana-sacarana* téa. Numutkeun **Karman** (Simpay No.21 Sept 1993), lamun seug dibandingkeun jeung sélér bangsa séjén, tatakrama Sunda téh kawentar pohara ku sopanna, malah sakapeung mah bangun nu kaleuleuwihi. Tapi éta sikep kitu téh sabenerna mah lumangsung sacara alami geus teu tumarumpang deui, teu siga-siga jijeunan. Malah sabalikna mun teu ngalakukeun kitu téh bisa-bisa disebut *geus ngalanggar adat* nu disebut minculak téa, lantaran geus kaluar tina papagon (norma) nu geus jadi *konsensus* nu makéna. Ka nu teu sopan atawa minculak téh, pan langsung baé diponis ku ungkapan anu kacida peureusna, pajar cenah "*Ih, Si teu gableg cedo!*".

Tatakrama téh nyaéta pola hirup kumbuh nu hadé nurutkeun budaya masarakat nu makéna. Tatakrama anu diwangun tur dimekarkeun ku masarakat téh ngawengku aturan-aturan; saupama dilaksanakeun dipiharep bakal ngawujud hubungan sosial anu tartib tur efektif di lingkungan éta masarakat. Tatakrama anu diwariskeun ti generasi ka generasi téh bakal ngalaman parobahan, luyu jeung pamededih kaayaan lingkungan sosialna, kitu numutkeun **Ayatrohaedi**, spk. (1989:6-7).

Demi janggélékna tatakrama téh kacida ditangtukeun ku waktu katut tempatna, wangun hubungan, tahapan sosial, umur jeung landes henteuna. Ari numutkeun pedaran **Ardiwinata** (1916), ari tatakrama diwujudkeunana ku gerak katut paripolah, basa, kalengkepan diri saperti lagu ngomong (lentong). Ieu pamadegan téh diwewegan tur dimekarkeun ku **Popong Otje Djoendjoenan**, spk.(1985) yén déskripsi tatakrama Sunda téh ngawengku opat hal:

- 1) *undak usuk basa*, nu aya patalina jeung saha nu ngomongna, ngeunaan naon, di mana, dina situasi kumaha, tujuanana naon katut faktor-faktor sejenna di luareun basa.
- 2) *dedeg pangadeg*, nu aya patalina jeung rengkak paripolah awak katut anggahota badan séjénna.
- 3) *cara gaul* nu aya pataliana jeung manusa salaku mahluk individual tur sosial nu merlukeun hubungan jeung nu sejenna, sarta
- 4) *sauyunan hirup di masarakat*, nu aya pakaitna jeung kanyataan di antara sélér bangsa sejenna.

Tina sawatara pamadegan nu diébréhkeun di luhur, bisa dicindekkeun yén ngawujudna atawa lumangsungna tatakrama téh kacida dipangaruhan ku ayana ungkara (omongan) nu dikedalkeunana, lentong, rindat (pasang peta) kaasup pasemon jeung anggah-ungguh.

Sedengkeun pentingna peranan tatakrama di masarakat diébréhkeun ku **Elizabeth K. Nottingham** (1994), yen:

Manusia adalah mahluk sosial, tetapi juga mahluk susila, itu berarti perhubungan atau pergaulan antar mereka dibatasi dan diatur oleh kesusilaan (apa yang baik dan

*sebaiknya dilakukan. Apa yang tidak baik atau tidak boleh dilakukan dalam hidup ini). Persoalan apa yang baik, apa yang buruk, apa yang benar dan apa yang salah adalah **persoalan etis**. Di sini muncul peranan etika (tatakrama).*

Anu jadi pasualan kiwari, kumaha pakaitna antara tatakrama (etika) jeung pangajaran (basa)?

Sakumaha pada uninga, yén atikan téh dina seuseuhanana mah mangrupa tarékah pikeun mantuan manusa sangkan bisa nyaluyukeun diri jeung lingkunganana dina enggoning mekarkeun dirina di jero lingkunganana. Jadi, enas-enasna mah prosés pendidikan téh pikeun **"memanusiakan manusia dalam rangka mencapai kehidupan yang lebih baik"**. Éta katerangan téh luyu jeung amanat/tujuan nu kaunggel turta nu diemban dina **UUSPN No. 2 1989 pasal 4**, nu nétélakeun kieu:

...mencerdaskan kehidupan bangsa dan mengembangkan manusia Indonesia seutuhnya, yaitu manusia yang beriman, bertaqwa kepada Tuhan Yang Maha Esa, berbudi pekerti luhur, memiliki pengetahuan dan ketrampilan, kesehatan jasmani dan rohani, kepribadian yang mantap dan mandiri, serta tanggung jawab kemasyarakatan dan kebangsaan.

Ari tujuan **Pendidikan Nasional** téh mangrupa cita-cita jeung harepan anu kudu dihontal ku sakabéh urang Indonesia. Pikeun ngahontal éta tujuan, tangtuna merlukeun prosés jeung cara. Prosés jeung cara tangtuna ogé minangka bagian tina 'peranan' anu kudu dilaksanakeun ku guru. Dina widang atikan, tangtuna guru (basa Sunda) mibanda peranan anu kacida bangga salaku 'ujung tombak' dina ngalaksanakeun pancénna di lapangan.

Hasil henteuna tujuan pendidikan téh bakal kacida gumantungna kana peranan guru tadi. Jadi tétéla yén patalina guru jeung tujuan pendidikan nasional téh mangrupa beungkeutan sistem anu teu bisa dipukahkeun. Guru diperedih jadi pangrojong kabudayaan jeung masarakat anu aktip. Hartina guru téh dipapancenan pikeun jadi *mediator* kabudayaan ka siswa, jeung jadi *komunikator* antara sakola jeung masarakatna.

Salaku nu dipapancenan pikeun jadi *mediator* kabudayaan ka siswa, guru basa Sunda téh tangtu baé kudu **samakta** nu diwewegan ku élmu pangaweruh sarta ngabogaan daya krativitas anu luhur. Cindekna mah guru téh diperedih kudu masagi, rancagé, percéka, surti tur nastiti, kumaha carana ngamotivasi boh sikep boh karep siswa kana budaya Sunda.

Patali jeung pentingna perkara tatakrama, sakola-sakola nu aya dina wengkuan **YPDM Pasundan** samiuk tur sapamadegan pikeun nanjeurkeun tur ngawewegan jati dirina ku ciri khas anu mandiri, ku cara ngaimplementasikeun tatakrama Sunda dina prosés diajarna. Pikeun sakola-sakola tingkatan SMU/SMK, tatakrama Sunda téh geus dijanggélékeun dina **Kurikulum KTSP Ciri Khas Pasundan**. Dina lebah makéna basa perlu diéstokeun pisan dina lebah ngalarapkeun undak-usuk katut pasang petana. Upamana baé, cara-cara nyarita boh ka saluhureun boh ka sahandapeun sarta sikep nu kumaha nu bener tur merenah bari teu kaleuleuwih. Saperti cara sasalaman, cara munjungan, cara ngobrol atawa keur naon baé. Tarékah-tarékah éta téh apan dina seuh-seuhanana mah ngamuara pikeun mulasara jeung ngaraksa budaya Sunda. Cag!